# Lis Verifikasyon inkom kalifye

## Dwa'm kom yon paran ak garanti se:

**? Mwen konprann ke mwen ka chwazi yon gadri ki relye a bezwen pitit mwen (swa yon sant gadri, yon gadri fanmi, yon gadri ki nan kay oubyen yon gadri yon paran posede). Konseye'm disponib pou'l asisie'm le map pran pi bon desizyon pou mwen menm ak fanmi'm.**

**? Mwen konprann ke mwen ka kenbe guaranti ya depi ke mwen toujou lekol e travay yon minimum 20 e de tan pa semen.**

**? Mwen konprann ke si mwen pedi travay mwen, mwen kalifye pou mwen genyen yon mwatye tan day care pou 8 semen pandan ke map chache yon travay.**

**? Mwen konprann ke si mwen ansent/oubyen akouche, mwen gen dwa a de mwa la swen.**

**? Mwen konprann ke mwen gen wa ititlize guranti'm nan nan camp ete ak pwogram apre lekol yo.**

# Reponsabilite ke mwen genyen kom yon paran ki gen garanti:

**? Mwen konprann ke poum ka genyen garanti ya, mwen pa bezwen genyen yon otorizasyon gadri ke mwen pran nan**

**depatman asistans tranzisyonel la. Konseye garanti mwen an nan sant resous timoun nan ap detèmine kalifikasyon mwen, li se sèl moun mwen bezwen konte si mwen bezwen renouvle oubyen chanje garanti mwen yan.**

**? Mwen konprann ke mwen bezwen renouvle garanti'm nan an pesonn chak six mwa anvan ke sa mwen genyen an fini/ekspire**

**? Mwen konprann ke chak fwa mwen renouvle garanti mwen yan, map bezwen bay konseye garanti'm nan CCRC peman yo ki pi resan (de si mwen resevwa chek chak de semen, kat si mwen resevwa chek chak semen) oubyen dokimantasyon lekol profesionel san ekskli degre ke mwen genyen.**

**? Mwen konprann ke map peye yon pri base sou yon pri original ke konseye garanti mwen yan kalkile nan depans pa mwa, pèman'm ak konbyen moun fanmi'm gen ladan'l. Pri sa ap yon posyon nan sa DTA peye ya.**

**? Mwen konprann ke mwen dwe bay konseye garanti'm nan kopi nenpòt enkonm ke mwen ta resevwa, kom chal sipo ak SSI.**

**? Mwen konprann ke si se chèk ke mwen resevwa, mwen dwe bay konseye guaranti'm nan yon kopi.**

**? Mwen konprann ke lè mwen ta kòmanse yon nouvo travay, map bezwen bay konseye garanti mwen yan nan CCRC yon note ke anplye mwen yan ban mwen sou zafè jou map koumanse, le pa semen map travay, ak tout metòd pemen yo. Dokiman sa a ap kenbe garanti mwen yan aktif pou yon mwa jiskaske mwen vinn rive genyen pèmen pou yon mwa.**

**? Mwen konprann ke apre premye mwa travay mwen, mwen bezwen voye oubyen fax, kopi peman yon mwa an total (de si mwen resevwa peman chak de semen, kat si mwen resevwa peman chak semen) bay konseye guaranti mwen yan.**

**? mwen konprann ke si mwen ta kite yon travay, mwen bezwen pran yon lèt nan men anplwayè mwen ki pale sou dènye jou mwen te kite travay la.**

**? Mwen konprann ke garanti'm nan paka rete inaktiv pou plis ke yon mwa. Si mwen pa reaktive garanti ya anvan yon mwa rive pu li ekspire, map pedi li; sel fason map kapab genyen yon lòt guaranti se si mwen enskri nonm sou yon long lis.**

*Rele nou!:* Child Care Resource Center, Inc. 130 Bishop Allen Drive Cambridge, MA 02139 Tel: (617) 57-1063, Fax (617)547-3340